



PWOBLÈM TIMOUN YO NAN DOMÈN LEDIKASYON,
JESSIKAH OLIVENS , NSI
INSTITUTION MIXTE GEORGE SYLVAIN
PREMYE EDISYON KONKOU PWEZI, OECH
TWAZYÈM LOREYA EGZEKO, SEGONDÈ



*Ledikasyon se chimen devlopman.
Men, se pa sa timoun yo jwenn reyèlman.
Paske, yo pito ba yo rabòday kòm ankourajman.
Se sa k fè nou tonbe nan erè reyèlman.*

*Nou bouke, paske nou gen bezwen bon sitwayen
Pou peyi nou Ayiti ka byen fonksyone demen.
Konsa, n a va gen pi bon pwochen
Pou n ka ede n chanje demen.*

*Ledikasyon pou timoun yo, se yon dwa.
Ledikasyon pou Leta se yon devwa.
Ledikasyon pou nou tout se dènye espwa.
Ann ranfòse l,
Ann simaye l,
Yon jou n a rekolte lesprwa.*

